

# Travay Ansanm pou Sipòte Aprantisaj ak Devlopman Timoun yo

Antanke paran, ou se ekspè a konsènan pitit ou a epi ou gen plis enpak sou devlopman li. Sa se fondasyon travay nou fè nan Pwogram pou Tibebe ak Timoun Piti NC (ITP) la.

Nou bay sèvis pou pitit ou a nan kote ak nan fason pitit ou a ak fanmi li abitye pase tan, tankou lakay ou, nan yon gadri oswa pandan lè repa.

Pwofesyonèl ki travay avèk ITP a atravè Ajans Sèvis Devlopman Timoun (CDSA) a ap gide ou sou kijan pou itilize aktivite chak jou fanmi ou pou ede pitit ou aprann epi devlope atravè entèraksyon nou yo.

Anplwaye CDSA a ak founisè li yo itilize kou ansèyman pou ede ou menm ak lòt moun k ap pran swen pitit ou a sipòte aprantisaj ak devlopman li.



## Plan

Nan kòmansman chak vizit, ou menm ak founisè swen sante w la ap pale sou sa ki te pase ant vizit yo. Fè founisè swen sante w la konnen sa ou te eseye, sa ki te mache ak sa ki pa t mache pou fanmi w. Pataje tout sa ki nouvo oswa ki chanje avèk pitit ou a oswa sityasyon fanmi ou. Nan premye vizit ou a, ou pral devlope yon plan ak founisè ou a. W ap revize plan sa a ak pwogrè fanmi w lan pandan vizit kap vini yo.



## Obsève

Founisè w la ka mande pou l gade kijan ou menm ak pitit ou a ap jwe epi kominike. Atravè obsèvasyon sa a, founisè a ka mande pou montre w yon nouvo estrateji pou ede sipòte devlopman pitit ou a.



## Pratik

Aprè sa, se tou pa ou. Founisè w la ka mande w pou w pratike estrateji yo te montre w yo. Ansanm, n ap pratike nouvo fason pou nou reyalize rezilta ou vle pou pitit ou a ak fanmi ou lè n ap itilize woutin ak aktivite chak jou.



## Reflechi

Ou menm ak founisè swen sante w la ap pale sou estrateji ou te eseye pandan vizit sa a. W ap diskite poukisa ou panse estrateji yo te mache oswa pa t mache. Ansanm, nou pral bati sou konèsans sa a pou nou atenn rezilta ou te fikse pou pitit ou a ak fanmi ou.



## Fidbak

W ap resevwa fidbak ak enfòmasyon nan men founisè w la pandan n ap travay ansanm pou idantifye pi bon estrateji pou fanmi w la.



## Plan

Nan fen vizit ou a, founisè swen sante w la ap ede w devlope plan ou sou sa w ap eseye ant vizit yo. Aprè sa, n ap pwograme pwochen randevou nou ansanm epi pale sou sa n ap travay sou pandan vizit sa a.

